

Timoun ak adolesan kapab gen pwoblèm mantal*

Sante mantal se jan nou panse, jan nou santi-nou epi jan nou aji nan senten sityasyon nan lavi-a. Se jan nou wè tèt-nou, lavi-nou ak moun ki nan lavi-nou. Menm jan ak sante fizik-nou, sante mantal-nou enpòtan, kèlkeswa etap nou ye nan lavi-a. Sante mantal enkli kijan nou jere estrès, kijan relasyon-nou ak lòt moun ye, epitou kijan nou pran desizyon. Sante mantal kapab afekte lavi toulejou ak fiti yon jèn moun. Paregzanp, sante mantal kapab aji sou travay lekòl, relasyon ak sante fizik. Pran swen sante mantal yon timoun se yon bagay enpòtan lè w'ap ede timoun sa-a grandi pou li tounen pi bon moun ke li kapab ye.

Menm jan ak granmoun, timoun ak adolesan kapab gen pwoblèm sante mantal ki aji sou jan yo panse, jan yo santi-yo ak jan yo aji. Pwoblèm sa-yo se pwoblèm tout bon epi yo fè soufri. Yo ka fè moun pa pase lekòl, bay pwoblèm nan fanmi-an, fè moun pran dwòg, epitou mennen vyolans ak swisid. Pwoblèm sante mantal kapab grav anpil. Pafwa yon jèn moun gen dwa gen yon pwoblèm mantal ki anpeche l' fonksyone kòm sadwa lekòl, lakay-li oswa nan kominote-a. Lè sa-a yo di timoun-nan oswa jèn moun-nan gen yon twoub emosyonèl ak afektif grav. Pwoblèm sa-yo se tout tan yo wè yo kay jèn moun. Gen etid ki montre ke, nan nenpòt ki moman, gen omwen yon timoun ak adolesan sou senk ki gen dwa gen pwoblèm mantal. Omwen 1 sou 10 – oswa 6 milyon jèn moun – gen dwa gen twoub emosyonèl ak afektif grav.

Kisa ki lakòz pwoblèm sante mantal kay timoun ak adolesan?

Kòz-yo konplike. Pwoblèm sante mantal kay timoun ak adolesan gen dwa gen kòz biyoloji, anvivonmantal, oswa yon melanj toude. Egzanp kòz biyolojik se jenetik, dezekilib chimik nan kò-a ak dòmaj nan sistèm nève santral- la, tankou blesi nan tèt. Faktè viwònmantal ki gen dwa fè jèn moun riske vin gen pwoblèm sante mantal se toksin, tankou gwo kantite plon, vyolans, si timoun-nan temwen oswa viktim abi fizik oswa seksyèl, kout zam, zengledo oswa lòt dezaz, estrès poutèt lamizè, diskriminasyon oswa lòt pwoblèm ekonomik grav, ak separasyon ak moun kienpòtan nan lavi jèn moun sa- yo akòz lanmò, divòs ak relasyon ki pa mache. **RITE**

Siy pou nou veye

Gen anpil siy ki gen dwa montre-nou ke yon timoun oswa yon adolesan gen pwoblèm sante mantal oswa twoub emosyonèl ak afektif grav. Veye pou wè si yon timoun oswa yon adolesan nou konnen

Gen pwoblèm poutèt li santi:

- Li tris anpil epi pa gen espwa, san pa gen rezon pou sa epi santiman sa-yo refize ale
- Li fache anpil prèske tout tan, li kriye anpil epi li pa kapab kontwole reyaksyon-li
- Li pa sèvi anyen oswa tout vye bagay se fòt-li
- Kè l' sou biskèt pi plis pase lòt jèn moun
- Li pa kapab sispann kriye pèt oswa lanmò yon moun enpòtan
- Li pè anpil – li gen laperèz san rezon oswa pi plis pase laplipa timoun

Gen gwo chanjman lakay-li, paregzanp:

- Li travay pi mal lekòl
- Li pa enterese ankò nan bagay ke li te konn renmen
- Jan li dòmi ak manje chanje san rezon
- Li evite zanmi ak fanmi-li epi li vle poukont-li toutan
- Li toujou ap reve epi li pa akonpli anyen
- Li panse ke lavi-a twò di epi l'ap reflechi sou touye tèt-li
- Li tandè vwa k'ap pale avèk-li

Li gen senten limitasyon, paregzanp:

- Li pa kapab konsantre – li pa kapab reflechi kòm sadwa oswa pran desizyon
- Li pa kapab chita anplas oswa konsantre
- Li pè pou yo pa fè l' mal, pou li pa fè lòt moun mal oswa pou li pa fè yon bagay ki « pa sa.»
- Fòk li lave, netwaye oswa fè de senten bagay plizyè fwa pa jou pou evite danje
- Panse-li ap kouri – twò vit pou moun kapab konprann sa k'ap pase nan tèt-li
- Li toujou ap fè move rèv.

Li aji jan ki bay pwoblèm, paregzanp:

- Li pran alkòl ak lòt dwòg
- Li manje twòp epi answit li fè tèt-li vomi, li pran anpil medsin oswa li pran medikaman pou li pa gwosi
- Li kontinye fè rejim epi/oswa ap fè egzèsis malgre li fin lamègzoz
- Li pa janm respekte dwa lòt moun oswa li pa respekte lalwa menm si sa jennen lòt moun.
- Li fè de seri bagay ki mete lavi l' an danje

Gen Sèvis Ki Kapab Ede

Fanmi ak kominote ki gen byenveyans kapab travay men nan laman ak founisè sèvis pou ede jèn moun ki gen pwoblèm mantal. Pwoblèm sa-yo kay timoun ak adolesan se pwoblèm moun ka rekonèt epi trete. Diferan tip sèvis ke timoun ak adolesan gen dwa bezwen kowòdone selon sistèm swen. Nan Konte Broward, Children's Services Administration Division [Divizyon Administrasyon Sèvis pou Timoun] ap kowòdone yon Sistèm Swen ki rele One Community Partnership. Konsantrasyon One Community Partnership se ede fanmi ak founisè sèvis travay kòm patnè pou ede jèn moun ki gen pwoblèm sante mantal. Pou plis enfòmasyon sou One Community Partnership, vizite sit entènèt nou-an ki se www.broward.org/onecommunity